языка. Очень точно в этом плане следующее высказывание: С.Ф.Шатилова: «Интерферирующее влияние лексической системы родного языка неизбежно, так как родной язык является исходной базой мышления и подкрепляется постоянной практикой. Но оно может быть ослаблено и легче преодолено путем уяснения черт сходства и отличия в употреблении слов в обоих языках» [10:122]. Мы считаем, необходимо формировать «новые динамические стереотипы иноязычной межкультурной коммуникации на иностранном языке». На наш взгляд только посредством изучения культур на основе сопоставительного подхода, нахождения между ними различия и сходства, в целях преодоления возможных трудностей в процессе коммуникации между представителями из разных культур необходимо разрабатывать стратегии и техники, которые могут способствовать общению и взаимопониманию, тем самым предотвращать недоразумения и конфликты.

В заключении следует отметить, что в становлении и развитии межкультурной коммуникации как науки большую роль сыграла американская исследовательская школа. Несмотря на то что, по данной проблеме существует большое количество научных трудов, однако имеются и такие нерешённые вопросы, которые видятся нам перспективными для оптимизации процесса обучения иноязычной межкультурной коммуникации студентов с позиции теории методики обучения иностранным языкам. В исследованиях вышеприведенных ученых, несмотря на широкий круг рассматриваемых вопросов, прослежива-ется одна большая цель – обучение иноязычной межкультурной коммуникации студентов. Однако результаты осуществленного анализа научно-методической литературы, докторских и кандидатских диссертаций показывают, что проблема разработки обучения иноязычной межкультурной коммункации студентов филологов Республики Узбекистан рассматривается впервые.

## Литература


1. Садохин А.П. Введение в теорию межкультурной коммуникации. -М.: «Высшая школа», 2005. –С. 310.
2. Емельяненко Т.В. «Методы межкультурных исследований ценностей». [Электронный ресурс] // Сравнительные Межкультурные Исследования Ценностей: Методы (fnisc.ru) (дата обращения: 18.04.2021).
3. 彭增安. 论留学生跨文化意识的培养 // 云南师范大学学报. 2006. 第4期第6卷. 页数: 55-60.
4. Фетисова Т.А., Тер-Минасова С.Г. Язык и межкультурная коммуникация. // Культурология. 2002. № 2 (22). -С. 101-104. URL: http://elibrary.ru/item.asp?id=1273236.
5. Тер-Минасов С.Г. Война и мир языков и культур. -М.: 2008. -С. 176
6. Семенас А.Л. Лексика китайского языка. – М.: АСТ: Восток– Запад, 2005. –С. 310.
7. Очилов О., Ли Ямей. Ўзбекча – хитойча, Хитойча – ўзбекча мақол, матал ва иборалар луғати. – Пекин: 2011. –С.258.
8. Стернин И.А. Контрастивная лингвистика. – М.: Восток – Запад, 2006. – С.206.
9. Ахмедова Л.Т. Теория и практика обучения профессиональной русской речи студентов-филологов: Дис. ... докт. пед. наук. -Т.: 2012. –С. 320.
10. Шатилов С.Ф. Методика обучения немецкому языку в средней школе. – М.: «Просвещение», 1986. –С. 223.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада хорижий ва маҳаллий олимларнинг тадқиқотларида талабаларнинг чет тили маданиятлараро мулоқотини ўқитишда замонавий ёндашувларнинг умумий қарашлари ёритилган. Хитой тилини ўқитишда талабаларнинг маданиятлараро мулоқотини когнитив-дискурсив ўқитиш концепциясини яратиш назариясини янада такомиллаштириш учун қайси йўналишлар истиқболли эканлиги аниқланди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье делается обзор современным подходам в обучении иноязычной межкультурной коммуникации обучающихся в исследованиях зарубежных и отечественных ученых с целью установления, что из предшествующего опыта приемлемо и какие направления наиболее перспективны для дальнейшего развития теории по разработке концепции когнитивно-дискурсивного обучения межкультурной коммуникации студентов при обучении китайскому языку.

**SUMMARY**

This article covers an overview of modern approaches in teaching foreign language intercultural communication of students in the studies of foreign and domestic scientists in order to establish what is acceptable from previous experience and which directions are most promising for the further development of the theory for the development of the concept of cognitive-discursive teaching of intercultural communication of students in teaching Chinese language.


# МАТЕМАТИКАНЫ ОҚЫТЫЎ ПРОЦЕСИНДЕ ОҚЫЎШЫЛАРДА КРЕАТИВЛИКТИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ


**С.А.Таңирбергенов –** *физика-математика илимлериниң кандидаты, доцент*
**С.Т.Сейтмуратов –** *таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** креативлик, ижодий қобилият, креатив шахс; креатив салоҳият, креатив ўрганиш, математика дарси, гипотеза, математика ўқитиш мақсадлари.

**Ключевые слова:** креативность, творческие способности, творческая личность, творческий потенциал, креативное обучение, урок математики, гипотеза, цели обучения математике.

**Key words:** creativeness, creative abilities; creative personality; creative potential; creative teaching; Math lesson, hypothesis, Math teaching strategies.


Тәлимге қойылатуғын тийкарғы мақсетлердиң бири- оқыўшыларда инсаныйлық қәдир-қымбат туйғысын, жоқары мәнаўият, эстетикалық бай дүньяқарасты пайда етиў болып, бул жерде тийкарғы қәдирят инсан есапланып, шахстың раўажланыўына итибар қаратылады.

Мектеп оқыўшыларының өзинде бар қәбилетлерин жетилистириў ушын оқытыўшы әдеттеги жағдайда жаңа пикирлерди көре алыўы яғный креатив қәбилетке ийе болыўы керек. Сол себепли оқыў процесинде өзин-өзи тәрбиялаўдың роли, креатив искерлик тәжирийбесин мақсетке муўапық раўажландырыў, креатив шахсқа қойылатуғын талап ҳәм креатив қәбилетти раўажландырыў болып табылады.

Креативлик қурамалы дүзилиске ийе болып, көбинесе математикада кең қатыўлы ақыл арқалы аңлатылады.

-креативлик-машқалаларға, кемшиликлерге, билимдеги бослықларға сезгир болыў процеси сыпатында анықланады;

-қурамалылықты анықлаў, шешимлерди излеў, шамалаў яки усы кемшиликлер ҳаққында гипотезаны қәлиплестириў;

Проблеманың изертлениўи гипотезаның қойылыўынан басланады.

Гипетоза-грекшеден алынған болып, тийкар, болжаў дегенди аңлатады. Гипотеза изертленилип атырған қубылыслардың нызамлылықларын ҳәм себеплерин анықлаў мақсетинде алға сүрилген тийкарлы болжаўды аңлатады. Илимий билиўдиң формасы сыпатында гипотеза ең биринши рет тийкарланған болжаў болып табы-

лады ҳәм бул оны ҳәр қыйлы тийкарланбаған шамалардан парықлап көрсетеди. Гипотезаның сыпатламаларына оның принципиаллық тексериўшилиги ҳәм максималлық эпиўайыллығы жатады.

Гипотеза үш басқыштан турады.

-дүзиў;

-тексериў;

-дәлиллеў;

Дүзиў-жыйнаў, анализ, фактлерди улыўмаластырыў, оларды түсиндириў ушын итималлықты алға сүриў болып табылады.

Тексериў-гипотезадан келип шығатуғын нәтийжелерди дедуктивлик келтирип шығарыў ҳәм нәтийжелерди фактлер менен салыстырыў.

Дәлиллеў-алынған жуўмақларды практикалық тексериў болып есапланады [2:78].

Адам креатив пикирлей алса, сол адамда креативлик пайда болады ҳәм турмыстағы машкалаларды түрли жоллар менен унамлы шешиўи мүмкин.

Оқыўшылардың көпшилик бөлеги математикалық шынығыўларды шешиўде қыйыншылықларға дус келеди. Сол себепли, оларды креатив пикирлейтуғын мәселелер арқалы математикаға қызығыўшылығын арттырыў керек деп есаплаймыз. Буннан тысқары, оқыўшылар креатив пикирлеў қәбилетин креатив ойлаўда қолланылыўы мүмкин болған математикалық проблемалар характеристикасын баҳалаў ушын зәрүр болған имканиятларын билип алыўы мүмкин.

Демек, пикирлеў-бул шешилиўи керек болған проблемаға туўра келгенде, инсан тәрепинен бастан кеширетуғын ақылый искерлиги яки пикирлеў процесине көре сүўретлеў мүмкин болған динамикалық процесс болып табылады. Пикирлеў процеси тийкарынан үш басқыштан ибарат болып, олар түсиник пайда етиў, пикир пайда етиў ҳәм жуўмақ шығарыў болып табылады. Бундай қараў соны көсетеди, инсан пикирлеўде алдын ала бар болған проблема яки процессти түсиниў керек. Соңынан, ол пикир дүзеди ҳәм ол жуўмақ шығарып, проблеманың туўры шешимин излейди. Инсанның ақылый қәбилетлери сыпатында пикирлеўди бир нешше түрлерге ажыратыў мүмкин. Солардан ҳәзирги ўақытта критикалық пикирлеў ҳәм креатив пикирлеў-жоқары тәртипли ойлаўдың  пайда болыўы болып есапланады.

Критикалық пикирлеў оқыўшыларды еки ямаса оннан артық мағлыўматларды салыстырыў ушын пикирлеў қәбилети сыпатында көриў мүмкин. Критикалық пикирлеў көбинесе креатив пикирлеў менен тығыз байланыста болады.

Патти Драпеаудың пикирине қарағанда креатив пикирлеў, алдын ала, сол мәселе ҳаққында ҳәр тәреплеме пикирлеў деп қаралады. Ҳәр тәреплеме пикирлеў оқыўшылардан оқыў тапсырмасы ҳәм мәселелерди орынлаўда көплеген идеяларға сүйениўи талап етиледи. Буннан тысқары, бир тәреплеме пикирлеў болса, бир туўра идеяға тийкарланғанлығын аңлатады. Салыстырмалы түрде мәселени бир ҳәм көп тәреплеме пикирлеўдиң ҳеш бирин бийкарлап болмайды. Себеби, бир ҳәм көп тәреплеме пикирлеў креативликти жетилистириўде бирдей әҳимийетке ийе. Басқаша айтқанда, тапсырманы орынлаўда, мәселени шешиўде оқыўшы шешимниң бир-неше вариантларын излейди, соң ең дурыс нәтийжени аңлататуғын бир туўры шешимге тохтайды [1:21].

Креативлик-бул, шахстың улыўма ямаса оның жеке жағдайдағы характерлерин көрсетеди. Креативлик қәбилеттиң әҳмийетли факторы көринисинде де сәўлеленеди ҳәм зейин өткирликти белгилеп береди, оқыўшылар итибарын тәлим процесине актив қатнасыўын тәмийинлейди.

Креатив ҳәрекетлер төмендегилерди өз ишине алады:

-проблеманы шешиў ушын кең көлемдеги мағлыўматларды анализ етиў ҳәм баҳалаў:

-мәселени шешиўде бир неше шешимлерди көриў ҳәм оны синтез қылыў:

-шешимлердиң арасынан дурыс шешимлерди табыў:

-табылған шешимниң мәнисин толық баҳалаў.

Демек, креатив пикирлеў креативликти қолланыў арқалы жаңа идеяларды ислеп шығарыў усылы болып табылады. Қойылған мәселени шешиў ушын берилген мағлыўматларды дурыс баҳалаў, оны синтез етиў ҳәм мәселени шешиў ушын бир неше шешимлерди ислеп шығыў,  альтернатив шешимлер ҳаққында түсиник бериў ҳәм шешимди таңлаў, әмеге асырып атырған шешимлердиң мәнисин ҳәм жуўмағын дурыс баҳалаўды әмелге асырыўы керек болады. Бул пикирге тийкарланып, креатив пикирлеўде креатив харекетлерден пайдаланып, жаңа идеяларды пайда етиў усылы деп те қараўымызға болады. Солай етип, мәселелер бир неше шешимге ийе болыўы керек. Айырым жағдайларда креатив ойлаў логикалық ойлаўға тийкарланбай, көбинесе бирден пайда болады, күтилмеген ҳәм өзгеше пикир сыпатында жүзеге келиўинде де көриўге болады. Әмелий мәселелерди шешиўде ҳәм креатив пикирлеўди қолланыўда дивергент пикирлеў көплеген идеяларды ислеп шығарады («дивергент»-латынша divergere сөзинен алынған болып, ол «бөлиниў» деген мәнисти билдиреди). Буның базылары шешим табыў ушын пайдалы болып есапланылады. Девергент ойлаў арқалы бир проблеманың бир қанша шешимлерин табыў, соның менен бир қатарда, дивергент ойлаў арқалы бир ўақыттың өзинде түрли бағытларда излениў, яғный бир мәселеде бир неше туўры жуўаплар бар екенлиги ҳәм оргинал креатив идеялардың пайда болыўына хызмет етеди. Бул түсиник креатив пикирлеў идеяларын ислеп шығыў ушын логикалық ҳәм интуитив  пикирлеўди талап етеди. Басқша айтқанда, креатив пикирлеў логикалық пикирлеўдиң комбинациясы сыпатында көринеди ҳәм интуитивликке тийкарланған  тийкарғы пикирлеў туўра келеди[2:78].

Математикада пикирлеў усылларының бири екиншиси менен тығыз байланыста болады. Математикалық тәлим процесинде оқыўшылардың дүньяқарасын кеңейттириў ҳәм раўажландырыў, еркин ҳәм креатив пикирлеў, сабақлық ҳәм қосымша әдебиятлар үстинде еркин ислей алыў көнликпелерин толық жетилистириў, өзинде жана мағлыўматларды сақлаўшы мәселелер избе-излигинен пайдаланыў арқалы оқыўшыларда логикалық пикирлеў ҳәм жуўмақ шығарыў көнликпелерин раўажландырыў керек.

Оқыўшыларда креатив пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириў тийкарғы итибар орайында болып, оқыўшылар сөзлер жәрдеминде креатив характердеги ҳәрекетлердиң мәнисин аңлатыўға бағдарлайды. Бул жерде тийкарынан, оқытыўшылар креатив пикирлеў көнликпесин нәтийжели жетилистириў мақсетинде оқыўшыларға оларды үгитлеўши сораўлар қурамында зәрүр сөзлердиң болыўына итибар қаратылады. Бул процессти мысаллар менен түсиндирсек, оқыўшылардан «үшмүйешлик ҳәм тетраэдр  медианалары арасында байланысты тәриплеп бериң» мазмунындағы қадағалаў сораўлар оларда креативликти қәлиплестирмейди. Себеби, сораў қурамындағы «тәриплеп бериң» түсиниги өз мәнисине көре бар болған мағлыўматларды бирмебир айтып өтиң- деген менен тең.

Қадағалаў сораўларың бергенде, оқыўшыларды пикирлеўге бағдарлаўшы сөзлерден пайдаланыў аркалы олардың креатив пикирлеўлерин аңсатластырады. Сол себепли оқыўшыларда креатив пикирлеўди қәлиплестириўде оқытыўшылар түрли, өзгеше ҳәм де пухта жуўапты бериўге мәжбүр етиўши  сөзлерден пайдаланыўы мақсетке муўапық болып есапланады.

Уқсаслықты табың, өз ара байланысты табың, көз алдыңызға келтириң сияқлы сөзлерден пайдаланыў әмелий тәрептен нәтийжели болып табылады. Егер оқытыўшы оқыўшылардан "үшмүйешлик ҳәм тетраэдр медианалары арасында уқсаслық"ты талап етиўдиң орынына " үшмүйешлик ҳәм тетраэдр медианалар арасында уқсаслықты векторлардан пайдаланыў арқалы дәлиллеўин сораў мақсетке муўапық болады. Себеби, ол жерде көргизбелилик жақсы сүўретленеди. Нәтийжеде, оқыўшыларда бар болған билимлерди улыўмаластырып, жаңа пикир ҳәм идеяларды раўажландырыўға ерисемиз.

Креатив искерлик процесин оқыўшыларда пайда етиў ушын мәселени шешиў ҳәм инновацион идияларды алға сүриў процесинде креатив метод ҳәм усылларды актив қолланбаса да оларда креатив пикирлеў жүзеге келеди. Үшмүйешлик ҳәм тетраэдрдиң медианалары арасында уқсаслық"ты табыўда мәселелериндеги тапсырманы орынлағанда оқыўшы үшмүйешлик ҳәм тетраэдрди аналитикалық ҳәм векторлық усыллар жәрдеминде анализлейди. Нәтийжеде, оқыўшыларда ҳәр тәреплеме ойлаў, кеңирек пикир жүритиў жүзеге келеди [3:201].

Оқыўшылар өзлериниң креатив пикирлеў қәбилетлерин қолай шараятта толық баян етиўи мүмкин. Егер оқыўшыларда дурыс шешим табыўда қорқыў сезими бар болса, пикирин билдириўден қорықса, критикалаўға ушыраса, ол жағдайда оқыўшыларда креатив пикирлеў көнликпелерин унамлы қәлиплестриў яки раўажландырыў мүмкиншилигине ийе болмаўы мүмкин. Соның ушын оқыўшыларда креативликти әдетке айландырыў арқалы креатив пикирлеў көнликпесин унамлы қәлиплестириў керек деп есаплаймыз.

Бул процесс олар тәрепинен тема мазмуның пухта аңлаўын ҳәм креатив пикирлеў көнликпелерин баҳалаўда қолланылатығын метод ҳәм усыллар тийкарғы әҳмийетке ийе.

Креатив характерге ийе жағдайда ғана оқыўшылар үйренип атырған теманың мазмуны, оқыў мағлыўматлар арасындағы өз ара байланысты түсиниў мүмкиншилигине ийе болады ҳәм бул ҳаққында пикирлей баслайды.

Оқыўшыларды креатив пикирлеўге үйретиў, оларда креатив ойлаўды қәлиплестире алыў ушын алдын ала оқытыўшының өзи креатив, дөретиўши шахс болыўы керек.

Окытыўшы өз алдына машқалалы мәселелерди қойыў арқалы бар билимлери ҳәм девергент ойлаўға байланыслы дәлиллерге дус келеди. Буның нәтийжесинде оқытыўшының өз үстинде ислеўи, өзбетинше оқып үйрениўине мүтәжлик сезеди.

Оқытыўшы өзинде төмендеги креативлик қәнигелигин көрсете алыўы керек:

-орынланатуғын тапсырмалардың мәнисин ҳәм әҳмийетин белгилей алыўы;

-мәселениң қойылыўын анализ ете алыўы;

-мәселени шешиў режесин дүзиўи;

-мәселени шешиўде унамлы методлар (анализ, синтез, индукция, дедукция, салыстырыў ҳәм тағы баскалар)ларды қолланыў;

-мәселени шешиў усылларын таңлай алыўы;

-қабыл етилген қарардың туўры екенлигин тийкарлаў ҳәм қайта тексериў;

-мәселени шешиўде киши излениўди алып барыў;

-мәселени шешиў процеси ҳәм мәселе шешими жуўмақларын улыўмаластырыўға байланыслы дәлиллерди рәсмийлестириў.

Оқытыўшының креативлигин раўажландырыўда оның баянат, әмелий семинар ҳәм лаборотория шынығыўлары ушын оқыў тапсырмаларын ислеп шығыўға креатив жантасыў көнликпе ҳәм жетискенликке ийе болыўы жүдә әҳмийетке ийе.

Бүгинги күндеги тийкарғы мақсет, оқыў процесинде оқыўшылардың креатив пикирлеўин жетилистириў ушын креативликке бағдарланған математикалық мәселелерден пайдаланыў керек. Демек, математика пәнинен пайдаланған ҳалда креатив искерликти әмелге асырыўға таяр болған заманагөй жоқары жетискенликли, мийнет базары талапларына сәйкес келетуғын математика окытыўшысының математика оқытыў системасын олардың искерлигин креатив жетилистириўге бағдарлаў керек.

Оқыўшылардың билиминиң активлигин, еркинлигин, креативлигин раўажландырыў қәбилетине оқытыўшының өзи ийе болыўы мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

## Әдебиятлар


1. Муслимов Н., Усмонбоева М., Сайфуров Д., Тўраев А. Педагогик компетентлик ва креативлик асослари. –Т.: 2015.
2. Бердимуратова А.К. Философия. -Нөкис: 2007.
3. Танирбергенов С.А., Сейтмуратов С. Метод применения векторов в геометрических задачах. –Нөкис: НМПИ, 2020.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада математиканинг креатив дарс тузилишини инобатга олган ҳолда амалга оширилаётган деверент таълим натижаларга эришиш мақсат қилинган. Ижодкорлик, креативликни аниқлашнинг асосий ёндашувларини таҳлил қилиб, улар ижодий қобилиятларни ривожлантириш ва ижодий шахсни шакллантириш, ижодий фаолиятни таъминлашнинг ҳақиқий механизмларини излашга йўналтирилган ўқув жараёнига ижодий таълимни жорий этиш зарур деган хулосага келинади.



**РЕЗЮМЕ**

В статье описывается один из подходов к структурированию креативного урока математики для усиления его развивающего эффекта и достижения результатов. Анализируя основные подходы к определению творчества, креативности, приходят к выводу, что необходимо внедрение в образовательный процесс креативного обучения, направленного на развитие творческих способностей и формирование творческой личности, поиск реальных механизмов обеспечения креативного образования.



**SUMMARY**

The paper describes an approach for structuring creative lesson of mathematics to enhance its educational effect and achieve interdisciplinary learning outcomes. The authors consider the necessity of education modernization, analyzing the basic approaches to the definition of creativity, suggest introducing creative teaching, aimed at creative abilities development and creative personality formation, the search for the real mechanisms of creative education, into the educational process.